

**KREYOL 29-3-20**

**BONSWA TOUT MOUN.**

**MEN DÈNYE MIZAJOU SOU SA KONTE MIAMI-DADE AP FÈ POU  
SISPANN PWOPAGASYON COVID-19 LA.**

**MWEN ESPERE KE OU AP KONTINYE RETE "PI AN SEKIRITE  
LAKAY."**

**SE YON MESAJ KI NAN MEYÈ ENTERÈ NAN TOUT KOMINOTE NOU  
AN NAN SID FLORID.**

**NOU TOUT TA DWE METE ANSANM POU NOU KONBAT  
CORONAVIRUS LA, PASKE PANDEMI MONDYAL SA A PA GEN  
FWONTYÈ.**

**LI PA FÈ DISKRIMINASYON DAPRE LAJ, SÈKS, RAS, ETNISITE  
OSWA KWAYANS RELIJYE.**

**MEN GRANMOUN AJE NOU YO AK MOUN KI GEN KEK PWOBLÈM  
SANTE TANKOU PWOBLÈM POU MON, MALADI KADYOVASKILÈ AK  
DYABÈT ESPESYALMAN AN DANJE POU YO GENYEN REYAKSYON  
TRE GRAV SI YO PRAN VIRIS LA.**

**SE POU SA LI ENPÒTAN POU TOUT MOUN - E MWEN VLE DI TOUT  
MOUN - AJI TANKOU OU POTE VIRIS LA.**

**PASKE SÈL FASON POU SISPANN PWOPAGASYON AN SE PA GEN  
KONTAK SERE AVEK LÒT MOUN.**

**SÈLMAN ALE DEYÒ POU BAGAY KI ESANSYÈL, AL CHÈCHE MANJE,  
MEDIKAMAN OSWA GAZOLIN ... OSWA SI OU PRAL TRAVAY NAN  
YON BIZNIS ESANSYÈL KI TOUJOU LOUVRI.**

**SI OU DWE ALE DEYÒ, OU DWE PRATIKE DISTANS SOSYAL SIS PYE  
DISTANS ANT OU MENM AK LÒT MOUN.**

**MWEN KONNEN MWEN KE SA PARÈT REPETITIF, MEN MWEN  
BEZWEN ÈD OU POU NOU KA SIPANN PWOPAJE COVID-19 LA.**

**ANKÒ, NOU TOUT LADAN ANSANM, MENMSI W AP VIV NAN KEY  
WSET, NAN MIAMI, FORT LAUDERDALE OSWA WEST PALM BEACH..**

**NOU TOUT BEZWEN YOUN LÒT POU AJI AK RESPONSABILITE.  
YÈ, MWEN TE FÈ YON APÈL KONFERANS TRÈ PWODIKTIF AVÈK  
OFISYÈL NAN KONTE BROWARD, PALM BEACH AK MONROE.**

**NOU PATAJE ENFÒMASYON AK MEYÈ PRATIK KI BAZE SOU  
REKÒMANDASYON CDC AK LÒT EKSPÈ SANTE YO.**

**KIDONK, RETE "PI AN SEKIRITE LAKAY."**

**PAUSE**

**LAPOLIS MIAMI-DADE KONTINYE SOTI AN FÒS JODI AN. NOU VLE  
ASIRE KE TOUT MOUN KI NAN LARI PRATIKE DISTANS SOSYAL.  
JISKE LA, PIFÒ MOUN AP FÈ SA YO TA DWE FÈ.**

**TANPRI KONTINYE TCHEKE MIAMIDADE.GOV/CORONAVIRUS POU  
MIZAJOU SOU NOUVO ÒDONANS AK SIT TÈS YO.**

**SONJE, RETE "PI AN SEKIRITE LAKAY."**

**SE POU BONDYE BENI OU EPI PWOTEJE TOUT MOUN TOUPATOU  
SOU LATÈ POU FÈ FAS AK PANDEMI SA A.**